# LWA SOU PREZÈVASYON KOMINOTÈ

*Akizisyon, Kreyasyon, Konsèvasyon, ak Amelyorasyon Espas Ouvè, Resous Istorik, ak Lojman Abòdab atravè Vil Boston*

# FINANSMAN CPA

- ***PWOPRIYETÈ BYEN***
  - Pap peye taks fonsye siplemantè

- ***SENYÒ FÈB REVNI AK PWOPRIYETÈ BYEN***
  - Yo eksli; pwopriyetè byen revini mwayen an peye 68$ pa an

- ***PLIS PASE 20 MILYON $ KOLEKTE CHAK ANE***
  - Fon yo la sèlman pou itilize pou finanse **Pwojè Lojman Abòdab, Konsèvasyon Istorik, Espas Ouvè, ak Lwazi.**

- ***YON KONTRIBISYON LETA***
  - Frè transfè byen imobilye ki soti nan tout eta a bay lajan pou fon fidisyè CPA a.

    Kontribisyon sa pòte rezèv fon nou an plis pase 28 milyon $ pa ane



# PWEN ESANSYÈL PWOGRAM CPA

# STATISTIK CPA

- *Nou te konsève plis pase 125 batiman istorik, sit, veso, ak atefak*
- *Lajan CPA yo te plante plis pase 305 pye bwa pou kontribiye nan rebwazman Boston an*
- *Reyabilite epi kreye plis pase 90 lakou ak espas lwazi*
- *Nou te kreye fèm iben ak jaden kominotè*
- *Prezève ak kreye prèske 2100 inite lojman abòdab, sa gen ladan inite asesyon pwopriyete .*
- *Sipòte pwojè lojman pou veteran, granmoun aje, atis, ak moun ki sanzabri*
- *Finanse plis pase 28 Milyon $ pou de pwogram ki sipòte asesyon pwopriyete epi anpeche deplasman*

# SIK FINANSMAN 2018-2024

Jiska dat, Pwogram Konsèvasyon Kominotè a te finanse **346** pwojè e li te bay plis pase **192** milyon $ nan finansman. Nou te soutni **54** pwojè kay abòdab, **133** pwojè lwazi ak espas ouvè, ak **159** pwojè prezèvasyon istorik nan 2018-2024.



# Kisa Revni Medyan Rejyon an (Area Median Income, AMI) ye

- Referans ki itilize pou detèmine kalifikasyon sou baz revni an rele Revni Medyan Rejyon (**AMI**). Kòm kou lavi a ak nivo revni yo diferan pou chak zòn sou mache a, **AMI** an baze sou kote ou ap viv avèk kantite moun k ap viv nan kay ou.

- Yon fanmi ki gen kat moun k ap touche **80** pousan **AMI** a touche anviwon **$118,720** chak ane. Yon kay ki gen kat moun k ap touche **30** pousan **AMI** an touche anviwon **$44,520** chak ane.

- CPA sipòte lojman **jiska 100 pousan AMI** an, pou yon kay ki gen kat moun k ap rantre anviwon **$148,400** chak ane.

# **ONE+Boston**, Nan tout vil la

## Sant Akèy Boston (Boston Home Center) **Lojman Abòdab 2019-2021 & 2024**


CITY of BOSTON | Mayor Michelle Wu
INFORMATION AND SERVICES PUBLIC NOTICES FEEDBACK TRANSLATE

HOME › DEPARTMENTS › HOUSING › BOSTON HOME CENTER › ONE+BOSTON HOMEBUYER PROGRAM

*Last updated: 3/1/23*

# ONE+BOSTON HOMEBUYER PROGRAM

*This mortgage program provides low interest mortgages to qualified Boston homebuyers.*

MAYOR'S OFFICE OF HOUSING
BOSTON HOME CENTER
BHC-ONEPLUS@BOSTON.GOV
617-635-4663
43 HAWKINS STREET
BOSTON, MA 02114
MONDAY THROUGH FRIDAY, 9 A.M. - 5 P.M.

WHAT IS ONE+BOSTON? APPLYING FOR THE PROGRAM


## WHAT IS ONE+BOSTON?

**A MORTGAGE WITH A HEAVILY DISCOUNTED FIXED INTEREST RATE**

Using funds provided by the City of Boston, the ONE+Boston interest rates are 0.5% to 1% below the already discounted ONE Mortgage rates.

**INCLUDES ENHANCED DOWNPAYMENT ASSISTANCE**

For those first-time homebuyers who qualify, the City of Boston's financial assistance will offer enhanced downpayment and closing cost assistance.

**AFFORD MORE WHEN BUYING A HOME IN BOSTON**

| MORTGAGE TYPE | CONVENTIONAL | ONE MORTGAGE | ONE+ BOSTON |
|---|---|---|---|
| Purchase Price | $306,000 | $397,000 | $450,000 |
| Your Down Payment Funds | $15,300 | $5,955 | $6,750 |
| Interest Rate | 3.5% | 3% | 2% |
| Private Mortgage Insurance | $322 | $0 | $0 |

**Prim CPA: $16,800,000**

- Pwogram pou Achte Kay pou Premye Fwa ONE+Boston soutni nonm lojman abòdab yo.
- Pwogram nan konbine yon pousantaj enterè redwi sou prè ipotèk ONE la, ki ofri atravè Patenarya pou Lojman MA (MHP), ak asistans pou peye fon/frè kloti nan Sant Akèy Boston,
- Objektif pwogram nan se ogmante pouvwa achtè rezidan Boston ki gen pi ba revni pou kapab peye yon kay Boston.
- Pou yo kalifye, achtè yo dwe touche yon revni egal ou anba 100% AMI.

# **ONE+Boston**, nan tout vil la

Jiska avril 2024, Sant Lojman Vil Boston nan te finalize **343** prè ONE+ avèk **$5,521,745** nan èd pou peman davans ak pou frè finalizasyon, epi **$4,870,436** pou sibvansyone enterè prè yo.

**Videyo One+Boston**




Vizite sit entènèt **homecenter.boston.gov** oswa rele nan 617-635-4663

**Batiman Woodbury**
*East Boston*





**4345-4351 Washington St**
*Roslindale*



**Morton Village**
*Mattapan*

**Prim CPA:** $14,000,000

**<u>Deskripsyon Pwojè a:</u>**
Yon pwogram anti-deplasman ki founi finansman bay devlopè ki responsab pou achte nan pri mache a inite lokasyon ki okipe epi konvèti yo nan lojman ki gen restriksyon sou papye kay pou Bostonyen ki gen revni ba ak modere yo.

# Premye Legliz Roxbury, Roxbury

10 Putnam St, Boston, MA 02119

**Prezèvasyon Istorik – 2018, 2022**






**Prim CPA (2018):** $150,000
**Prim CPA (2022):** $343,000

**Deskripsyon Pwojè a:**

Pou repare epi restore antre lwès kay reyinyon 1804 la epi konstwi yon ranp ki aksesib pou reyitilize ansyen tanp legliz la kòm yon espas pou reyinyon kominotè ak aktivite atistik.

# Schooner Roseway, Anba lavil

Fan Pier, Boston, MA 02210

**Prezèvasyon Istorik – 2018, 2021, 2022**







**Prim CPA (2018):** $250,000
**Prim CPA (2021):** $100,000
**Prim CPA (2022):** $360,000



**<u>Deskripsyon Pwojè a:</u>**

Pou reyabilite epi restore ankadreman ak balas veso istorik 1925 lan, sa k ap pèmèt li kontinye fonksyone kòm yon espas edikasyon prensipalman pou etidyan ki pa gen anpil resous nan zòn Boston nan.

# Jaden Granmoun yo nan **Franklin Field, Dorchester**

Ames St. & Westview St, Dorchester, MA 02124

**Espas ak Rekreyasyon Ouvè - 2020, 2023**





**Prim CPA (2020):** $250,000
**Prim CPA (2023):** $495,000

**Deskripsyon Pwojè a:**

Faz I ak Faz II finansman pou kreye yon espas jaden kominotè nan sit lojman BHA Franklin Field la, ki gen landan l ajoute yon polinizatè jaden pou sipòte jadinay.

# Forè manje Edgewater, Mattapan

640 River St ak Burmah St, Boston, MA 02126





**Prim CPA:** $104,369

**Deskripsyon Pwojè a:**

Pou kreyasyon nouvo forè kominotè pou manje sou yon pwopriyete vid ki fè 11,816 pye kare pou itilizasyon aktif ak pasif lwazi ki gen ladan devlopman yon espas pou jaden kominotè, santye, ak pak.

# EGZIJANS LWA ETA CPA A



# RÈG LWA ETA a OBLIJE

- *10% fon CPA yo dwe depanse nan chak bokit chak ane: Konsèvasyon Istorik, Lojman Abòdab, Espas Ouvè ak Lwazi*

- *Jiska 5% ka depanse pou depans  administratif yo*

- *Sèlman Pwojè Kapital yo ka finanse –  pa gen antretyen, operasyon oswa pwogramasyon*

- *Moun k ap resevwa yo ka antite piblik  ak prive, pa likratif ak pou pwofi*

- *CPA ka itilize pou:* **Akeri, Kreye, Prezève, Sipòte, Reyabilite/Restore**



# ITILIZASYON ADMISIB POU FON CPA

Itilizasyon admisib fon CPA yo limite legalman epi Lwa sou Aksyon Konsèvasyon Kominotè a defini pou rezon espesifik, tankou:

- **Akeri, kreye, prezève, sipòte Kay kominotè;**
- **Akeri, kreye ak prezève espas louvri;**
- **Reyabilite ak restore espas ouvè ki te kreye oswa akeri avèk fon prezèvasyon kominote a;**
- **Akeri, kreye, prezève, reyabilite ak restore teren pou itilizasyon lwazi;**
- **Akeri, kreye, prezève, reyabilite ak restorer resous istorik yo.**

Tout pwojè yo pwopoze yo dwe satisfè kondisyon definisyon sa yo ak egzijans ki endike nan Chapit 44B

# FINANSMAN CPA

**Pou ki bagay nou PA KA sèvi ak lajan CPA yo?**

PA nan antretyen, pwogramasyon, oswa operasyon

PA nan travay anndan kay, SÈLMAN amelyorasyon deyò ki esansyèl yo, desizyon politik CPA Boston

PA nan imaj ki gen rapò ak relijyon

PA nan akizisyon gazon senttik pou teren espò

PA nan kous cheval oswa chen oubyen itilizasyon teren an pou estad, jimnazyòm oswa estrikti ki sanble ak yo

PA KAPAB nan vyole Amannman Anti-Èd Konstitisyon Massachussetts la

**(Li entèdi pou lajan leta itilize pou zafè prive, lajan leta dwe sèvi pou avanse yon enterè piblik)**

# Akò Sibvansyon CPA

CITY OF BOSTON
COMMUNITY PRESERVATION COMMITTEE

GRANT AGREEMENT

**PROJECT NAME:**
**PROJECT LOCATION:**
**DATE OF APPROPRIATION: March 31, 2021**
**PROJECT DESCRIPTION:** ***description with smaller font:*** the project description; no longer than a couple of sentences to match that of the City Council. If necessary, a more detailed description can be added in the *Project Application and Statement of Grant Award* page.)

**PROJECT SPONSOR/APPLICANT:**
**GRANT RECIPIENT:**
**GRANT RECIPIENT VENDOR:**
**CONTRACT NUMBER:**
**ASSESSOR'S NUMBER:**
**BEGIN DATE:** **END DATE:**

| ACCOUNT | FUND | DEPT ID | PROGRAM | CLASS | PROJECT | BUD REF | FUNCTION | AMOUNT |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 52925 | 204 | 138710 | 0000 | 0000 | | 2021 | N/A | |

1

- Akò legalman obligatwa
- Kondisyon Akò Sibvansyon an ka genyen ladan restriksyon sou papye kay la (restriksyon pèmanan)
- Angajman 15 lane
- Dispozisyon rekiperasyon sou plizyè lane
  **Senk (5) lane 100%**
  **Dis (10) lane 75%**
  **Kenz (15) lane 50%**
- Akò sibvansyon yo pa negosyab
- Pwojè ki resevwa lajan CPA yo dwe fini nan 24 mwa – Lojman Abòdab yo nan 60 mwa (5 lane)

# KONFÒMITE ANYÈL OBLIGATWA

## Vizit Anyèl Sit, Avantaj Piblik, Antretyen

# Visit ak Rapò Kofòmite



COMMUNITY PRESERVATION ACT

CITY OF BOSTON CPA GRANT COMPLIANCE MONITORING FORM

Section 1. Open Space and Recreation General Project Information

Project name:

Project category:

Contract ID:

Funding Year:

Date of Compliance Visit:

Contact for Compliance Visit:

Email:

Phone:

Summary of CPA funded scope of work:

Internal Checklist:

- ☐ Historic Preservation/or Open Space monitoring notes and maintenance photos have been uploaded to the Compliance folder in CPA Google Drive.
- ☐ Closeout paperwork and final budget with detailed scope of work completed was reviewed before compliance site visit.

CPA COMPLIANCE MONITORING FORM

1

- Kominikasyon ak biwo CPA a pa fini lè pwojè w la fini. Pou tout tan akò sibvansyon 15 lane w avèk vil Boston lan, pral genyen yon vizit anyèl konfòmite pou pwojè fini w lan.
- Anplwaye Konfòmite CPA yo pral vizite sit ou a apre yo fin planifye vizit konfòmite w la. Vizit sit yo pran ant 30 minit ak inèdtan. Pandan vizit la ap genyen you kesyonè tou kout ki pral mezire antretyen ak avantaj piblik pwojè fini w lan. CPA pral evalye si sit pwojè w la ap kenbe avantaj piblik ki te ekri nan aplikasyon w lan.
- Anplis evalyasyon avantaj piblik la, antretyen fizik sit pwojè w la pral enspekte tou pou verifye ke pa gen degradasyon akselere k ap fèt akòz mank antretyen.

# COMITE CPA a

*Rekòmande pwojè yo bay Majistra ak Konsèy Vil la*

# KI MOUN KI ENPLIKE

**Majistra :**

- Nonmen 5 manm ki soti nan konsèy espesifik ak komisyon
- Majistra revize pwojè CPA prevwa yo

**Konsèye Minisipal :**

- Nonmen 4 rezidan nan kominote a nan komite CPA a
- Konsèy vil la pran desizyon final la pou finanse pwojè CPA yo

**Kominote CPA :**

- Kreye yon plan anyèl epi apwouve yon bidjè chak ane
- Revize pwopozisyon pwojè yo epi fè rekòmandasyon finansman

**Staf CPA :**

- Jere pwogram CPA a epi asiste Komite CPA a
- Travay kole kole ak Majistra, Aplikan yo ak Konsèy Minisipal la



# PWOSESIS CPA A

*Aplikasyon ak Kondisyon pou Kalifikasyon*

# ITILIZASYON ADMISIB - LOJMAN ABÒDAB

***Pwogram Achtè kay pou Premye Fwa***



***Pwogram Kont-Deplasman***



***Kreyasyon Lokasyon Abòdab***



***Kreyasyon Pwopriyetè Kay Abòdab***

- **Akizisyon:** Jwenn acha pwopriyete, sibvansyon, lokasyon, acha lokasyon,
- **Kreyasyon:** Bay nesans oswa fè egziste
- **Sipò:** Bay sibvansyon, prè, asistans pou lokasyon, rediksyon to enterè, asistans pou lojman kominotè
- **Prezèvasyon:** Pwoteje pwopriyete pèsonèl oswa reyèl kont aksidan, domaj oswa destriksyon
- **Reyabilitasyon ak Restorasyon**: si yo akeri oswa kreye ak fon CPA

# EGZIJANS POU DEMANN POU PWOPOZISYON LOJMAN ABÒDAB

- Ou dwe konekte ak Biwo Lojman Majistra a (Mayor's Office for Housing, MOH) – Espesyalman si ou se yon devlopè k ap fè sa pou premye fwa.
- CPA emèt yon Demann Pou Pwopozisyon (Request For Proposal, RFP) ansanm avèk (MOH) pou chak rawonn finansman avèk egzijans espesifik pou finansman an.
- Ou dwe gen eksperyans nan devlopman oswa ap travay avèk yo devlopè eksperimante.
- Lojman mande yon bon valè lajan pou kanpe yon devlopman. Èske ou gen ase lajan ?
- Èske w ap bati inite kay pou lokasyon oswa pou moun vin propriyetè?
- Lajan yo ka sèvi pou kenbe kay yo abòdab, men lajan yo pa ka sèvi pou renove lojman ki te la deja.

# ITILIZASYON ADMISIB - PREZÈVASYON ISTORIK



***Batiman***



***Veso***



***Estrikti***



***Pwopriyete***




***Dokiman oswa Atifask yo***

- **Akizisyon:** Jwenn pwopriyete oswa achte, yo pral mande pou yon restriksyon prezèvasyon
- **Reyabilitasyon ak Restorasyon:** Fè amelyorasyon kapital oswa gwo reparasyon
- **Prezèvasyon:** Pwoteje pwopriyete pèsonèl oswa reyèl kont blesi, domaj, oswa destriksyon

**Finansman** pou **Resous Istorik** ki nan lis nan **Rejis Eta a Kote Istorik yo** -oswa- yo te **detèmine pa Komisyon Moniman Istorik Boston** an enpòtan nan istwa akeyoloji, achitekti oswa kilti vil oswa zòn.

- SÈLMAN pou amelyorasyon eksteryè kapital
- PA gen ikonografi relijye

# EGZIJANS POU APLIKASYON POU PREZÈVASYON ISTORIK

- Kontwòl Sit la: Propriyete sit la oswa yon kontra lwaye alontèm (omwen 15 lane)
- Pwojet HP yo dwe konsidere enpòtan lokalman (anplwaye CPA yo pral travay avèk ou):
  - **(1.) Nan lis Rejis Eta a sou Sit Istorik yo**
  - **(2.) Travay avèk Komisyon Istorik Boston nan (Boston Landmark Commission, BLC) pou detèmine siyifikasyon lokal resous la.**
- Èske ou gen dokiman oswa etid: dokiman istorik, plan prezèvasyon, evalyasyon eta, etid fezablite, plan-kad envestisman?
- Èske ou ap aplike pou Konsepsyon, Akizisyon, Prezèvasyon, Reyabilitasyon, oswa Restorasyon? Konsepsyon an dwe gen 70% konstriksyon ladan l.
- Ki kantite finansman ou pral mande? W ap bezwen yon estimasyon pwofesyonèl.
- Pare pou kòmanse: Kibò ou ye nan pwosesis planifikasyon w lan? Èske ou gen yon ekip ki angaje?
- Entandans: Èske ou gen yon plan antretyen ak revni alontèm? Antretyen se yon angajman sou 15 lane.
- Èske ou gen kapasite pou jere? Èske w ap genyen yon ajan finansye?
- Kisa enpak piblik oswa kominotè w la ye?

# ITILIZASYON ADMISIB - ESPAS OUVÈ AK LWAZI



*Jaden, Fèm ak Santye nan Vil*



*Fasad Letan & Plante pye bwa*



*Tè & Marekaj pwoteje*



*Teren Jwèt*



*Teren Baskètbòl & Atletik*

- Akizisyon: Jwenn oswa achte yon propriyete pral mande yon restriksyon sou konsèvasyon
- Kreyasyon: Fè vinn egziste
- Reyabilitasyon & Restorasyon: Fè amelyorasyon esansyèl yo oswa reparasyon akstrawòdinè nan espas rekreyasyon yo, (pou espas ouvè yo si akizisyon an fèt avèk lajan CPA sèlman)
- Prezèvasyon: pwoteje pwopriyete pèsonèl oswa reyèl kont domaj, mal ak destriksyon
- Pa nan Gazon Atifisyèl – Sa ekri nan Chapit 44B

# EGZIJANS POU APLIKASYON POU ESPAS AK REKREYASYON OUVÈ

- Kontwòl Sit la: Propriyete sit la oswa yon kontra lwaye alontèm (omwen 15 lane)
- Èske pwojè w la sou teren piblik oswa prive? Èske w ap travay ak eta a oswa ajans vil la? Èske yo apwouve pwojè w la?
- Èske w ap aplike pou Konsepsyon, Akizisyon, Kreyasyon, Prezèvasyon, Reyabilitasyon, oswa Restorasyon? Konsepsyon an dwe gen 70% konstriksyon ladan l.
- Ki kantite finansman ou pral mande? W ap bezwen yon estimasyon pwofesyonèl.
- Pare pou kòmanse: Kibò ou ye nan pwosesis planifikasyon w lan? Èske ou gen yon ekip ki angaje?
- Entandans: Èske ou gen yon plan antretyen ak revni alontèm? Antretyen se yon angajman sou 15 lane.
- Èske ou gen kapasite pou jere? Èske w ap genyen yon ajan finansye?
- Kisa enpak piblik oswa kominotè w la ye?

# ETAP 1:

## IDANTITE PWOJÈ OU

*Idantifye pwojè ou a, vizite sit entènèt nou an epi kontakte anplwaye CPA pou tout kesyon.*

# ETAP 2:

## RANPLI YON FÒM KALIFIKASYON

*Apre ou fin revize tout enfòmasyon CPA sou sitwèb nou an, apre ou fin patisipe nan yon sesyon enfòmasyon, diskite sou pwojè ou a ak anplwaye CPA, epi ranpli fòm kalifikasyon obligatwa a.*

# ETAP 3:

## RANPLI YON DEMANN CPA

*Anplwaye CPA yo pral revize pwojè w la epi detèminen si yo kapab finanse l dapre egzijans Lwa sou Prezèvasyon Kominotè yo. Si se konsa, w ap resevwa yon* *<u>envitasyon</u>* *pou ranpli yon aplikasyon pou konsidere pou finansman sibvansyon* CPA.

# ETAP 4:

## PWOJÈ YO SOUMET POU VERIVYE

*Komite CPC pral revize demann yo soumèt epi fè rekòmandasyon bay Majistra a ak Konsèy Vil la pou yon vòt final sou finansman.*

# KOUMAN POU APLIKE




[Kouman pou aplike pou Fon Konsèvasyon Kominotè]

# Angajman konte

Si yon pwojè pa finanse, tanpri pa abandone. Pwojè ki pi solid nou yo pase devan Komite CPA a e nou vle travay ansanm pou pa w la nan mitan yo.

Finansman disponib chak ane e nou vrèman ankouraje pou reyaplike.

# SIT ENTÈNÈT CPA A SE YON RESOUS PRESYE

## Vizite sit entènèt nou an
[WWW.BOSTON.GOV/CPA](WWW.BOSTON.GOV/CPA)




- **Thadine Brown**, Direktè - thadine.brown@boston.gov
- **Rakia Islam**, Responsab Angajman ak Operasyon - rakia.islam@boston.gov
- **Lizbeth Sanchez,** Kowòdonatè Kontra ak Operasyon - lizbeth.sanchezrincon@boston.gov
- **Amber Delgado**, Responsab Konfòmite Sibvansyon - amber.delgado@boston.gov
- **Gillian Lang**, Konsiltan Prezèvasyon Istorik - gillian.lang@boston.gov
- **Kenya Thompson,** Responsab Pwojè ak Planifikasyon - kenya.thompson2@boston.gov
- **Wenjia (Lauren) Han,** Responsab Prezèvasyon Istorik - wenjia.han@boston.gov
- **Liz Cook,** Responsab Espas ak Rekreyasyon Ouvè - elizabeth.cook@boston.gov